

Ansefalit ekin oryantal

January 2015 | Page 1 of 3

Kisa ensefalit ekin oryantal ye ?

Ansefalit ekin oryantal (EEE) se yon maladi ki pa komen men ki grav ke yon viris bay.

Kijan viris EEE a pwopaje ?

Viris ki bay EEE a pwopaje nan piki moustik ki gen enfeksyon maladi a. Nan leta Massachusetts, viris la pi plis idantifye sou moustik ki pre epi nan dlo dous ak marekaj bwa di. W ap jwenn plis enfòmasyon sou diferan kalite moustik ki ka pwopaje viris la nan sit entènèt MDPH la nan www.mass.gov/dph.

Se sitou zwazo ki gen enfeksyon viris EEE a, epi anpil fwa zwazo a pa gen pyès evidans pou di li malad. Moustik vin gen enfeksyon yomenm lè yo pike zwazo ki gen enfeksyon an. Kwak moun ak plizyè lòt kalite mamifè, sitou chevwa ak lama, ka vin gen enfeksyon an, men yo pa ka pwopaje maladi a.

Èske EEE se yon maladi ki komen nan Massachusetts ?

EEE se yon maladi ki pa komen menm. Depi viris la te idantifye, isit nan Massachusetts, pou premye fwa nan lane 1938, gen mwens pase 100 moun ki te gen maladi a. Nan moun sa yo gen plis pase 60% nan yo ki soti nan konte Plymouth ak nan konte Norfolk.

An jeneral, se chak 10-20 an ki gen epidemi lokal EEE nan Massachusetts. Epidemi lokal sa a kontinye pou de a twa zan. Dènye epidemi lokal EEE nan leta Massachusetts la te kòmanse nan lane 2004 epi, pou jis nan lane 2006, se 13 moun ki mouri o total.

Ki senptom EEE bay ?

Premye sentòm EEE bay se fyèv (souvan ki ant 103° a 106° F), kou ki rèd, maltèt epi yon mank enèji. Sentòm sa yo parèt ant twa a dis jou apre yon moustik ki gen enfeksyon an pike w. Konplikasyon ki pi grav la epi pi danjre se lè sèvo w anfle epi li gwo, maladi sa a rele ansefalit. Maladi sa a pa pran tan pou l vin pi mal epi gen kèk malad ki ka nan koma nan lespas yon semèn.

Ki tretman ki genyen pou EEE ?

Pa gen pyès tretman pou EEE. Nan leta Massachusetts, apeprè mwatye moun ki te idantifye ak maladi EEE a mouri poutèt enfeksyon an. Moun ki pa mouri lè yo gen maladi a gen anpil chans pou yo gen yon enfimite pèmanan. Pa gen anpil moun ki rekouvri o konplè.

Kisa w ka fè pou w pwoteje tèt ou pou w pa gen EEE ?

Poutèt se moustik ki pwopaje viris ke EEE a bay, men plizyè bagay ou ka fè pou w gen mwens chans pou moustik pa pike w :

- Fè plan pou aktivite nan lakou kote w p ap deyò anvan solèy kouche epi lè solèy la ap leve, poutèt se lè sa a moustik yo aktif plis.



- Se pou w mete pantalon long, manch long epi chosèt lè w deyò. Li ka pa fasil lè fè cho, men konnen l ap anpeche moustik yo vin sou po w.
- Se pou w sèvi ak yon pwodyi ki repouse moustik ki gen swa **DEET** (N,N-dyetil-m-tolyamid), **pèmetrin**, **pikaridin** (KBR 3023), **IR3535** (Beta-[N-bitil-N-asetil]-alanin) oswa **luil ekaliptis sitwon** [p-mentàn 3, 8-polyòl (PMD)] dapre enstriksyon ki make sou etikèt pwodyi pou repouse moustik la. Pwodyi ki gen DEET pa fèt pou itilize sou tibebe ki poko gen laj de mwa epi se pou yo itilize nan yon konsantrasyon ki 30% oubyen mwens pou timoun ki pi gran. Luil ekaliptis sitwon pa sipoze itilize sou timoun ki poko gen laj twa zan. Se pou w sèvi ak pwodyi ki gen pèmetrin sou bagay tankou rad, soulye, moustikè ak ekipman pou kanpin e pinga w mete l sou po w. Gen plis enfòmasyon sou kijan pou w chwazi epi sèvi san danje ak pwodyi pou repouse moustik yo ke w ap jwenn ekri nan fèy sou reyalite MDPH sou pwodyi pou repouse moustik ke w ka jwenn anliy nan www.mass.gov/dph. Si w pa ka ale anliy, alò rele MDPH nan (617) 983-6800 pou w jwenn enfòmasyon an enprime sou papye.
- Anpeche moustik yo antre lakay ou ki vle di se pou w repare tout twou nan moustikè fenèt yo epi se pou w tcheke pou w wè si yo byen mete nan tout pòt ak fenèt kay la.
- Wete toutotou kay la tout bagay ki gen dlo ki kanpe. Men detwa konsèy :
 - Gade toutotou kay la pou w wè si gen resipyan ak lòt bagay ki ka gen dlo ki kanpe epi, si genyen, se pou w vire yo tèt anba, se pou w vide yo detanzantan, oubyen se pou w jete yo.
 - Fè twou nan fon tout kivèt resiklaj ki deyò nan lakou pou dlo pa kanpe men koule soti.
 - Netwaye tout goutyè kay la ki bouche ; wete fèy ak debri ki ka anpeche dlo lapli koule.
 - Vire ti pisin plastik ak bourèt yo tèt anba lè w pa sèvi ak yo.
 - Chanje dlo bòl zwazo yo chak detwa jou ; netwaye ti lak plastik dekorasyon yo oubyen mete pwason nan yo.
 - Kenbe pisin yo pwòp epi ak ase klò nan yo ; wete dlo ki kanpe sou kouvèti pisin yo.
 - Fè jadinaj pou elimine dlo ki sou pwopriyete kay la.

Èske w konn sa ?

Moustik ka kòmpanse multipliyè nan nenpòt lak dlo ak dlo ki kanpe ki la pou omwen kat jou ! Ke gen zòn repwodiksyon moustik nenpòt ki kote. **Pran aksyon** pou w diminye kantite moustik ki gen toutotou lakay ou ak katye kote w rete a. Se pou w òganize yon jou netwayaj nan katye a pou n ranmse resipyan nan moso tè ki vid epi nan pak epi pou ankouraje moun pou yo pa gen dlo ki kanpe nan lakou yo. Moustik pa respekte kloti, kidonk li enpòtan pou w wete, nan tout katye a, bagay ki gen dlo kanpe.



Èske w ta renmen plis enfòmasyon ?

- **EEE ak pwoteksyon pèsònèl :** MDPH, Division of Epidemiology and Immunization nan 617-983-6800 or online at www.mass.gov/dph. Ou ka pran kontak tou ak departman sante piblik lokal la (wap jwenn li make nan anyè telefòn lan nan seksyon « gouvènman » an).
- **Kontwòl moustik nan site oubyen vil kote oumenm ou rete :** Kontwòl moustik nan leta Massachusetts fèt nan nèf distrik pou kontwòl moustik. Se State Reclamation and Mosquito Control Board (SRMCB) ki sipèvize tout nèf distrik yo. W ap jwenn enfòmasyon sou kijan pou w pran kontak ak chak nan distrik yo anliy nanv www.mass.gov/agr/mosquito/districts.htm. Si w vle ou ka pran kontak tou ak SRMCB a nan Departman resous agrikilti leta Massachusetts la nan 617-626-1777 oubyen se pou w rele departman sante piblik kote w rete a.
- **Efè pestisid gen sou sante moun :** MDPH, Center for Environmental Health nan 617-624-5757

